# “Цæгат Ирыстон – чырыстон дины рагондæр артдзæст”

Уæрæсейы Президент Владимир Путин 2017 азы 14 -æм октябры бафыста Указ №480 «Аланыстоны саргъуыды 1100 азы сбæрæг кæныны тыххæй».

Саргъуыды 1100 азы бæрæгбон хъуамæ суа Уæрæсейы Федерацийы бирæ субъекттæн æмæ æппæт бæстæйы чырыстон æхсæнадæн дæр стыр нысаниуæг кæмæн ис, ахæм цау.

Уый фæдыл бæрæгбонмæ цæттæ кæныны хъуыддагæн дæр ис иумæйаг паддзахадон нысаниуæг.

Историон юбилеймæ цæттæ кæныны фæлгæты республикæйы ацæудзысты уæрæх мадзалттæ: равдыстытæ, фестивальтæ, «Аллон библиотекæ»-йы серийы чингуыты рауагъд, аланты дуджы аргъуанты реставраци æмæ монон культурон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм кувæндæттæ æмæ бынæттæм базилыны хъуыддаг.

Наукон- рухсадон архайд рацаразыны хъуыддаджы сæрмагонд хæс хауы РЦИ-Аланийы культурæйы Министрады библиотекæтæм. Арæзт дзы цæудзысты тематикон изæртæ, фембæлдтытæ, лекцитæ, презентацитæ, экскурситæ историон æмæ кувæн бынæттæм æмæ а.д.

РЦИ-Аланийы Национ наукон библиотекæ бацæттæ кодта зонадон мультимедион проект «Алани-Ирыстон – чырыстон дины рагондæр артдзæст».

Проекты саразæг : Гобеты Лянæ, ИМХ Национ наукон библиотекæйы сæйраг библиограф.

Проектыл бакуыстой: Гобеты Лянæ æмæ Национ наукон библиотекæйы сæйраг библиотекарь Дойаты Тамарæ.

E-mail : gl-111@ mail.ru; t.doeva@yandex.ru

Тел.: 8-919-421-77-43; 8-918-827-69-80

Компьютерон дизайн: Татраты Каринæ.